# ЖУРНАЛИСТТИҢ КӘСИПЛИК ЖУМЫСЫН ҚОРҒАЎ ҲАҚҚЫНДА

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ**

25.06.1997-ж. №263/I

**ЖУРНАЛИСТТИҢ КӘСИПЛИК ЖУМЫСЫН ҚОРҒАЎ ҲАҚҚЫНДА**

Усы Нызамға төмендегиге муўапық өзгерислер киргизилген:

26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Усы Нызамның мақсети**

Бул Нызамның мақсети журналисттиң кәсиплик жумысын қорғаў саласындағы қатнасықларды тәртипке салыўдан ибарат. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**2-статья. Журналисттиң кәсиплик жумысын қорғаў ҳаққында нызам ҳүжжетлери**

Журналисттиң кәсиплик жумысын қорғаў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери усы Нызам ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлеринен ибарат болады.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында журналисттиң кәсиплик жумысын қорғаў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шартнама қағыйдалары қолланылады. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**3-статья. Журналист**

Журналист мийнетке байланыслы ямаса басқа шәртнамалық қатнасықлар тийкарында ғалаба хабар қураллары ушын мәлимлеме ҳәм материалларды топлаў, таллаў, редакциялаў, таярлаў ҳәм таратыўға байланыслы жумысты әмелге асырыўшы шахс болып есапланады. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**4-статья. Цензураға жол қойылмаўы**

Қарақалпақстан Республикасында ғалаба хабар қуралларының цензура етилиўине жол қойылмайды.

Ҳеш ким журналисттен жәрияланып атырған хабарлар ҳәм материаллардың алдын-ала келисип алыныўының, сондай-ақ олардың тексти өзгертилиўин ямаса олардың баспадан толығы менен алып тасланыўын (эфирге берилмеўин) талап етиў ҳақықына ийе емес. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**5-статья. Журналисттиң ҳуқықлары**

Кәсиплик жумысын әмелге асырыўда журналист:

мәлимлеме топлаў, таллаў, түсиндириў, таярлаў ҳәм таратыўға; *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерис киргизилген)*

мәлимлеме алыў ушын мәмлекетлик уйымларға, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына, жәмийетлик бирлеспелерге, кәрханаларға, мәкемелерге ҳәм шөлкемлерге мүрәжат етиўге;

мәмлекетлик сырларын ямаса нызам менен қорғалатуғын басқа да қупыялардан ибарат материаллардан басқа ҳүжжетлер, материаллар ҳәм мәлимлемелер алыўға; *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

журналистлик тексериў жүргизиўге;

өзиниң қолын ямаса лақабын қойып таярланған мәлимлемелерди ҳәм материалларды ғалаба хабар қураллары арқалы таратыўға, оларда өзиниң пикирин билдириўге;

мәмлекетлик уйымлардың ашық коллегия мәжилислеринде ҳәм ғалабалық илажларға қатнасыў; *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

журналистлик жумысты әмелге асырыўға байланыслы лаўазымлы адамның қабыллаўында болыўына;

белгиленген тәртипте жазып алыўға, соның ишинде зәрүрли техникалық қураллардан пайдаланып жазып алыўға;

судтың ашық мәжилислеринде, әскерий ҳәрекетлер майданларында, тәбийий апатшылық зоналарында болыўға, ғалаба илажларға қатнасыўға;

жәриялаў ушын таярланған мағлыўматларды тексериў ушын қәнигелерге мүрәжат етиўге;

егер нызамның бузылыўына алып келетуғын болса, ғалаба хабар қураллары тәрепинен өзине берилген тапсырманы орынлаўдан бас тартыўға;

өзи таярлаған мәлимлеме ямаса материалдың мазмунын редакторлаў процессинде бурмаланған деген пикирге келсе, оған қол қоймаўға яки оны баспадан (эфирден) алып таслаўды талап етиўге;

мәлимлеме дерегин ямаса автордың исмин қупыя сақлаўды талап етиўге;

тапсырған мәлимлемени жәриялағанда оның мазмунын бурмалаўға

жол қойған ғалаба хабар қуралларынан өзине келтирген мораллық зыянды және материаллық зәлелди суд тәртибинде өтиўди талап етиўге;

жәмийетлик бирлеспелерге, соның ишинде журналистлердиң халық аралық шөлкемлерине кириўге ҳақылы.

Сондай-ақ, журналист жумыс бабында нызам актлеринде белгиленген басқа да ҳуқықлардан пайдаланады.

**6-статья. Журналисттиң миннетлери**

Кәсиплик жумысын әмелге асырыўда журналист:

нызам талаплары тийкарында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары халық аралық шәртнамалары қәделерин сақлаўға;

таярланып атырған материаллардың дурыслығын тексериўге ҳәм ҳақыйқый мәлимлеме бериўге;

айыпсызлық презумпциясы принципин басшылыққа алыўға;

журналистика саласының сырын жәрия етпеўи;

журналистлердиң кәсипке байланыслы әдеп-икрамлық қағыйдаларына бойсыныўы; *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

адамның ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин, ар-намысын ҳәм қәдир-қымбатын ҳүрметлеўге миннетли.

Журналист өз кәсибине байланыслы мәлимлемени жеке мақсетлерде пайдаланыўы, мәлимлеме дерегиниң ямаса автордың келисимисиз адамның жеке өмири ҳаққындағы фактлерди жәриялаўы, сондай-ақ онда сести ҳәм көринислерди жазып алыў қуралларынан пайдаланыўы мүмкин емес.

Журналист сондай-ақ, нызам ҳүжжетлери бойынша нәзерде тутылған басқа да минетлерди орынлайды.

**7-статья. Журналистлик сыр**

Пуқаралар ямаса басқа да мәлимлеме дереклери тәрепинен өз атын жәрия етпеў шәрти менен ықтыярлы түрде мәлим етилген қупыя хабар, сондай-ақ, фактлер ҳәм ўақыялар журналистлик сыр болып табылады*(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

Журналисттиң журналистлик сыр болып саналатуғын мағлыўматларды усы мәлимлеме дерегиниң руқсатысыз жәриялаўы, сондай-ақ, бул мағлыўматларды өзиниң яки үшинши биреўлердиң жеке мәплеринде пайдаланыўы қадаған етиледи.

**$7^{1}$-статья. Журналистлердиң кәсипке байланыслы әдеп-икрамлылық қағыйдалары**

Журналистлердиң кәсипке байланыслы әдеп-икрамлылық қағыйдалары журналисттиң шахсына ҳәм өз кәсибине байланыслы ўазыйпаларды орынлаў ўақтында оның минез-қулқына қойылатуғын талапларды белгилеўши қағыйдалар жыйындысынан ибарат болып есапланады.

Журналистлердиң кәсипке байланыслы әдеп-икрамлылық қағыйдалары журналистлердиң ҳәм ғалаба хабар қуралларының бирлеспелери тәрепинен белгиленеди. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**8-статья. Журналистке қол қатылмаслық**

Журналист кәсиплик миннетлерин атқарыў пайытында адамға қол қатылмаслық кепиллигинен пайдаланады.

Сын материалларын жәриялағаны ушын журналистти қуўдалаўға жол қойылмайды.

**9-статья. Журналистлик тексериў**

Журналист мәлимлеме жыйнаў ҳәм журналистлик тексериў жүргизиў ҳуқықына ийе.

Журналист өзиниң кәсиплик тексериўиниң нәтийжелерин ғалаба хабар қуралларында таратыўға, оларды мәмлекетлик уйымларға, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына, жәмийетлик бирлеспелерге, кәрханаларға, мәкемелерге, шөлкемлерге ҳәм лаўазымлы адамларға ықтыярлы түрде бериўге ҳақылы. Журналистлик тексериўдиң барысында алынған материаллардың ҳәм ҳүжжетлердиң журналисттен алып қойылыўы ямаса тексерилип көзден өткерилиўи мүмкин емес.

**10-статья. Журналисттиң кәсиплик жумысының кепилликлери**

Журналисттиң ҳуқықлары, ар-намысы ҳәм қәдир-қымбаты нызам менен қорғалады.

Мәмлекет журналистке еркин түрде мәлимлеме алыўға ҳәм тарқатыўға кепиллик береди, ол кәсиплик жумысын әмелге асырыў пайытында оның қорғалыўын тәмийинлейди.

Журналисттиң кәсиплик жумысына араласыўға, кәсиплик миннетлерин атқарыў пайытында алынған қандай да бир мағлыўматларды оннан талап етиўге тыйым салынады.

**11-статья. Журналистти аккредитация етиў**

Журналист мәмлекетлик уйым, жәмийетлик бирлеспе ҳәм шөлкем жанында аккредитация етилиўи мүмкин.

Аккредитация етилген журналист:

болып өтетуғын ашық коллегия мәжилислери ҳәм басқа да ғалаба илажлар ҳаққында алдын-ала хабарландырыў;

аккредитация етиўши уйымның имаратларына (ханаларына) ҳәм басқа объектлерине аккредитация етиўши уйым тәрепинен белгиленген тәртипте кириў;

ашық коллегия мәжилислеринде ҳәм басқа ғалаба илажларда қатнасыў;

аккредитация етиўши уйымның жуўапкерли шахсларынан зәрүр ҳүжжетлер ҳәм материалларды сораў ҳәмде алыў, ғалаба илажлардың жазыўлары менен танысыў ҳәмде олардан көширме нусқалар алыў;

алынған жазыўлардан ғалаба хабар қураллары материалларын таярлаўда пайдаланыў ҳуқықына ийе.

Аккредитация етилген журналист нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**12-статья. Қарақалпақстан Республикасы журналистиниң сырт еллердеги ҳәм сырт ел журналистиниң Қарақалпақстан Республикасындағы жумысы**

Қарақалпақстан Республикасының журналисти сырт елде өзиниң кәсиплик жумысын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының ҳәм өзи аккркдитация етилген елдиң нызамлылықларына муўапық әмелге асырады.

Қарақалпақстан Республикасының аймағында аккредитация етилген сырт ел журналисти мәлимлеме жыйнаўда ҳәм таратыўда Қарақалпақстан Республикасының журналисти менен теңдей ҳуқықларға ийе болады.

Сырт ел журналисти Қарақалпақстан Республикасының аймағында өзиниң кәсиплик жумысын әмелге асырыў пайытында Қарақалпақстан Республикасының нызамларын сақлаўға миннетли.

**13-статья. Сырт ел журналисти аккредитациясының тоқтатылыўы**

Усы Нызамды, басқа да нызам актлерин, ҳәрекеттеги халық аралық шәртнамалардың қәделерин бузған жағдайда сырт ел журналистиниң аккредитациясы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң усынысы тийкарында Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлиги тәрепинен тоқтатылыўы мүмкин.

Сырт ел журналисти Қарақалпақстан Республикасында өзиниң аккредитациясының тоқтатылғанлығы ҳаққындағы шешим үстинен судқа шағым етиўге ҳақылы.

**14-статья. Журналисттиң кәсиплик жумысын қорғаў ҳаққында нызамшылықтың бузылғанлығы ушын жуўапкершилик**

Мәмлекетлик уйымлардың, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының, жәмийетлик бирлеспелердиң, кәрханалардың, мәкемелердиң ҳәм шөлкемлердиң лаўазымлы адамлары:

цензураны әмелге асырғаны;

аккредитациядан тийкарсыз бас тартқаны ямаса аккредитацияны тийкарсыз тоқтатыў жолы менен журналисттиң нызамлы кәсиплик жумысына тосқынлық жасағаны;

журналисттиң сораў менен мүрәжат етиў ҳәм зәрүрли мәлимлеме алыў ҳуқықын бузғаны;

журналистке қысым жасап, оның кәсиплик жумысына араласқаны~

журналисттиң материалларын ҳәм зәрүрли техникалық қуралларын нызамсыз түрде алып қойғаны;

мәлимлеме дерегин ямаса автордың исмин олардың келисимисиз көрсеткени ушын жуўап береди.

Журналисттиң усы нызам менен белгиленген ҳуқықларын бузыў, кәсиплик жумысын әмелге асырыўға байланыслы оның ар-намысын ҳәм қәдир-қымбатын кемситиў, абай етиў, күш көрсетиў ямаса

кәсиплик жумысын әмелге асырыўға байланыслы журналисттиң өмирине, денсаўлығына зәлел келтириў яки мүлкине қол қатыў жағдайлары нызам шәртлерине муўапық жуўапкершиликке алып келеди.

**15-статья. Журналисттиң жуўапкершилиги**

Журналист өзи таярлап атырған ҳәм таратып атырған мәлимлемелердиң ҳәм материаллардың дурыслығы ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жуўап береди.

Журналист ғалаба хабарлар қуралларында ҳақыйқатқа сәйкес келмейтуғын материалларды таратқанлық ушын төмендеги жағдайларда жуўапкер болмайды:

егер бул мағлыўматлар рәсмий хабарлардан, норматив-ҳуқықый ҳужжетлерден ямаса рәсмий статистика есабатлары мағлыўматларынан яки мәлимлеме агентликлери ямаса мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының баспасөз хызметлери арқалы, сондай-ақ олардың рәсмий веб-сайтларынан алынған болса;

егер бул мағлыўматлар алдыннан жазып алынбастан эфирге берилетуғын авторлық шығыўларында орын алған болса яки шығыўлардың сөзбе-сөз қайталаныўы (стенография, аудио-, видеожазыўы) болса. *(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында өзгерислер киргизилген)*

**16-статья. Халық аралық шәртнамалар**

Егер Қарақалпақстан Республикасындағы ҳәрекеттеги халық аралық шәртнамаларда усы нызамда нәзерде тутылғаннан басқа режелер белгиленген болса, онда халық аралық шәртнама қәделери қолланылады.
*(ҚР 26.12.2018-ж. 225/XXIV-санлы Нызамы тийкарында 16-статья*

*алып тасланған)*